



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PAKE REKIPERASYON ENKLIZIF KI RELE "BRING BACK TOURISM, BRING BACK JOBS" KI KOUTE 450 MILYON DOLA A

Anons lan kowenside ak re-ouvèti fwontyè entènasyonal yo

100 milyon dola nan yon peman inik pou sipòte travayè touris ki frape pi di yo

100 milyon dola nan sibvansyon pou ankouraje anplwayè nan sektè touris yo re-anboche anplwaye yo

25 milyon dola pou atire evènman sant kongrè ak otèl yo; yon lòt 25 milyon dola pou efò maketin mondyal ak maketin nasyonal

Angajman pou avanse lejislasyon k ap elaji pwogram rekiperasyon ti biznis ki Fè siksè pou biznis ki te kòmanse jis anvan oswa pandan pandemi an avèk pwogram sekou 200 milyon dola a

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul, kowenside ak re-ouvèti fwontyè entènasyonal yo, anonse yon pake rekiperasyon konplè ki rele "Bring Back Tourism, Bring Back Jobs" (Retounen ak Sektè Touris la, se Retounen ak Travay) ki koute 450 milyon dola a pou sipòte travayè sektè touris Eta New York ki frape pi di yo, revitalize endistri touris eta a, ak sipò biznis yo ki te kòmanse jis anvan oswa pandan pandemi an.

Gouvènè Hochul te fè anons la nan Museum of Natural History (Mize Istwa Natirèl) a, ansanm ak reprezantan I LOVE NY, NY Forever, gwoup sektè touris ak biznis yo, ansanm ak gwoup travayè yo ki reprezante travayè yo nan endistri touris la. Pake pwogram sa a reprezante yon apwòch ki gen plizyè aspè pou revitalize endistri a atravè asistans pou travayè yo, investisman nan ti biznis yo, ak maketin ki konsantre sou konsomatè atravè nasyon an ak nan mond lan.

"Endistri touris nou an reprezante sibstans ki fè New York apa de rès yo. New York pa ka leve anba pandemi sa a toutotan endistri touris nou an ak travayè li yo pa retounen", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pake rekiperasyon lidè nasyonal nou an ki koute 450 milyon dola non sèlman li ede travayè endistri touris yo retounen sou pye yo, men tou li pral ede ti biznis ak sit yo re-ouvri pòt yo. Mesaj nou voye bay mond lan klè: New York ap tounen epi n ap akeyi nou ak bra ouvri."

Enpak ekonomik COVID-19 sou ekonomi touris Eta New York la grav; an 2019, endistri sa a te soutni youn sou chak 10 djòb epi li te pwodwi plis pase 100 milya dola a nan enpak ekonomik. Ane pase a, vizit entènasyonal yo te desann a 86% pa rapò ak 2019, epi vizit nasyonal yo te tonbe a 37%, sa ki jenere yon pèt prèske 55% nan depans dirèk ak yon diminisyon ki prèske 50% nan enpak ekonomik.

An repons, Gouvènè Hochul te anonse jodi a yon estrateji konplè pou sipòte travayè ki p ap travay yo ak biznis ki gen difikilte nan sektè touris ak otelri yo ki enpòtan anpil, ki te twazyèm pi gwo endistri New York anvan pandemi an; pou ankouraje re-anbochaj travayè enpòtan sa yo; epi pou relanse demann pou atraksyon touris ak otelri Eta a yo.

100 milyon dola Fon pou Rekiperasyon pou Travay nan Sektè Touris

Premye pati pake sa a sipòte Nouyòkè yo nan sektè endistri touris ak otelye yo ki pi afekte yo ki te sou asirans chomaj federal pwolonje nan dènye semèn anvan benefis sa yo te fini epi ki pa ko wè salè yo retounen konplètman. Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la pral bay yon peman inik ki evalye a 2,750 dola pou jiska 36,000 travayè ki kalifye nan endistri sektè touris yo. Yo pral kontakte Nouyòkè ki elijib yo dirèkteman atravè tèks oswa imèl.

Marty Walsh, ki se Sekretè Travay Etazini an, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York se yon modèl pou mete lajan sekou ki nesèsè anpil nan men travayè Ameriken yo. Apwòch ki vize lavni New York la pral retounen ak djòb klas mwayèn ki byen peye, epi li pral retounen ak yon endistri ki enpòtan pou re-ouvri ekonomi nou an."

100 milyon dola Pwogram Sibvansyon pou Rerounen Travay nan Sektè Touris

Dezyèm pati pake sa a fèt pou ankouraje biznis touris ki te soufri pèt travay ak revni yo pou yo re-anboche travayè yo, pandan y ap bay sekou finansye. Biznis touris ki kalifye yo pral elijib pou sibvansyon jiska 5,000 dola pou chak nouvo anplwaye nèt a tan plen, oswa 2,500 dola pou chak nouvo anplwaye nèt a tan pasyèl, ki anboche pou konpanse depans mendèv yo. Pou resevwa avantaj konplè, anplwaye yo pral oblije kenbe ogmantasyon travay yo pandan sis mwa. Ogmantasyon travay yo pral baze sou anplwa total olye ke yo baze sou anplwaye endividyèl espesifik yo, epi biznis ki ka demontre pi gwo pèt mendèv ki akòz COVID-19 yo pral yon priyorite. Gen plis enfòmasyon, tankou yon enskripsyon pou alèt imèl ki gen rapò ak pwogram lan, ki disponib [isit la](#).

25 milyon dola a Pwogram Sibvansyon Meet in New York la

Pwogram sa a konsantre sou sit ak evènman yo pou jenere ak sipòte nouvo vwayaj ki konsantre sou biznis. Apwòch inivèsèl sa a pou vizit rekonèt abitud depans vwayajè biznis ak kongrè yo pou sejour lannwit, manje ak aktivite yo. Pwogram Meet in New York (Rankontre nan New York) la pral bay sibvansyon pou ede sant kongrè yo ak espas konferans yo retonen ak plis evènman, depans vwayajè ak travay nan Eta New York. Sit ki kalifye yo ak otèl evènman asosye yo ka ofri òganizatè reyinyon yo rabè sou frè rezèvasyon oswa gwoup chanm pou atire biznis yo, ak sibvansyon k ap

ranbouse yon pati nan rabè sa yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou biznis ak sit ki kalifye yo [isit la](#).

25 milyon dola kanpay maketin mondyal I LOVE NY la

Kanpay pwomosyon touris mondyal ki destine anvè konsomatè sa a pwolonje yon nouvo envitasyon pou vizitè nasyonal ak entènasyonal yo, sa ki pèmèt I LOVE NY elaji efò maketin aktyèl li yo nan lòt mache nasyonal ak entènasyonal yo. Kanpay la pral gen ladan eleman difizyon ak dijital ki pwomote Eta New York kòm premye destinasyon pou vwayaj nan mond lan, kote yo ka ankouraje vizitè yo pou yo vin fè pati li epi jwenn sa yo renmen.

Pwogram 200 milyon dola pou biznis ki te kòmanse jis anvan oswa pandan pandemi an

Pou avanse angajman Eta New York anvè ti biznis yo, Gouvènè Hochul te anonse kèk plan pou prezante lejislasyon an janvyè 2022 nan kòmansman sesyon lejislatif Eta New York la pou kreye yon pwogram ki koute 200 milyon dola ki fèt pou sipòte biznis yo ki te kòmanse jis anvan oswa pandan pandemi an. Inisyativ ki vize lavni sa a ta itilize finansman ki deja egziste deja nan Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis pandan Pandemi COVID-19 (COVID-19 Pandemic Small Business Recovery Grant Program) eta a ki koute 800 milyon dola pou sipòte biznis ki pi jèn yo ki otreman pa te kalifye pou sekou atravè pwogram eta ak federal yo ki deja egziste pou garanti plis enklizivite pami ti biznis ak mikwo-biznis yo.

Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis pandan Pandemi an deja fè anpil siksè jiskaprezan, ak plis pase 325 milyon dola yo akòde pou sipòte prèske 20,000 ti biznis ak mikwo-biznis atravè Eta New York. Plis pase 19,000 benefisyè yo se te biznis ki gen dis anplwaye oswa mwens, 83% nan benefisyè yo se te antrepriz biznis ke minorite ak fanm yo posede, epi sibvansyon an mwayèn yo finanse a te prèske 17,000 dola a. Lejislasyon sa a pral reprezante yon ekspansyon pwogram nan pou enkli ti biznis ak mikwo-biznis ki te deja pa kalifye pou sekou pandemi an atravè pwogram leta ak federal yo.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Endistri touris la pa sèlman yon motè ekonomik enpòtan nan Eta New York, men li se youn nan bagay ki fè New York yon gwo kote konsa pou vizite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt difikilte pandemi sa a te genyen nan endistri touris nou an. Inisyativ konplè sa a enpòtan anpil pou revitalize endistri touris nou an epi ede travayè yo ki te afekte dirèkteman pa kriz sante piblik sa a."

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) lan, Kevin Younis, te deklare, "Aktivite touris se yon eleman kle nan ekonomi divès Eta New York la. Li sipòte travay ak biznis atravè yon seri endistri lè li pèmèt nou pataje tout atraksyon, evènman ak eksperyans enkwayab yo nou gen pou ofri vizitè yo atravè mond lan. Retou aktivite touris la enpòtan anpil pou kwasans ak dirabilite avni ekonomik nou an, e nouvo inisyativ sa yo pral ede nou revitalize endistri sa a ki an difikilte."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Lè Eta New York fè patenarya ak endistri touris la, se yon konbinezon envensib. Efò inivèsèl sa a ke Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral ede estimile tout kalite vizit, soti nan vwayajè entènasyonal yo k ap chèche yon vakans inoubliyab rive nan biznismann k ap patisipe nan evènman endistri ki enpòtan yo. Pwogram yo pral ede tou sipòte endistri touris san parèy eta a pou li ka delivre sèvis kliyantèl klas mondyal ak yon eksperyans pou envite ki enkonprab."

Direktè Egzekitif Konsèy Atizay Eta New York la, Mara Manus, te deklare, "NYSCA bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pou relanse aktivite touris entènasyonal nan New York - òganizasyon atistik ak kilti ekstraòdinè nou yo, enstitisyon yo ak espas tout deskripsyon yo ouvri epi yo pare pou akeyi mond lan yon lòt fwa ankò. Retou aktivite touris kiltirèl la pral alimante sektè atistik ak kilti New York san parèy la pandan l ap rekonstwi kapasite, kòmanse yon pwosesis rekiperasyon pandan plizyè ane san danje, epi ranfòse ekonomi nou an. Lè sektè atizay la ap pwospere - New York ap monte!"

Prezidan Konsèy Atizay Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare, "Nou selebre etap enpòtan jodi a ki dire lontan pandan fwontyè eta nou yo re-ouvri apre 20 mwa yo te fèmen pou sispann pwopagasyon COVID-19 la. New York se sinonim ak atizay, epi re-akeyi touris yo nan atraksyon anblematik, ankraj kiltirèl ak nan biznis nan lari prensipal New York yo se rezilta pwotokòl sante ak sekirite byen reflechi eta nou an. Moman pou vizite New York la se kounye a - e nou rekonesan pou lidèchip reyaktif eta nou an pou sipòte ak ankouraje rekiperasyon ekonomik nou an nan yon amoni ki pafè ak peyizaj atizay ki divès ak eksitan an."

Prezidan Konsèy Konsiltatif Touris Eta New York la, Cristyne Nicholas, te deklare, "Pandan fwontyè New York yo ouvri ankò pou vizitè entènasyonal yo, pake sipò gouvènè a te anonse jodi a pral ede endistri touris la kontinye jwe wòl li kòm yon motè enpòtan nan ekonomi eta a. Nou gen anpil chans paske Gouvènè Hochul konprann endistri touris la e li te la avèk nou lè tan te bon ak kounye a pandan moman difisil sa a pandan n ap fè efò pou rekonstwi ak antouzyas renouvle."

Senatè José M. Serrano te deklare, "Investisman enpòtan nan endistri touris New York la pral bay yon kout ment vital pou plizyè lòt sektè, tankou restoran, otèl, pèfòmans atistik, ak enstitisyon kiltirèl yo. Pandan n ap re-akeyi vwayajè entènasyonal yo nan eta nou an, vizitè sa yo pral jwe yon wòl enpòtan nan rekiperasyon ekonomik nou an apre COVID-19, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou sipòte travayè yo ak biznis yo pandan moman enpòtan sa a. Anpil remèsiman pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt enpòtans yon endistri touris k ap pwospere."

Senatè Anna M. Kaplan, te deklare, "Avan pandemi an, endistri touris New York se te yon pisans ekonomik ki te reprezante plis pase 800,000 djòb nan tout eta a ak plizyè dizèn milya dola nan aktivite ekonomik chak ane, men fèmti fwontyè entènasyonal san parèy yo ak vwayaj yo ki te prèske kanpe te bay tout endistri a ak mendèv li a yon gwo kou devastatè. Pandan fwontyè yo re-ouvri epi moun yo kòmanse santi yo an sekirite

ankò pou vwayaje, endistri touris la bezwen an ijans soukou pou ti biznis ak mendè v pa yo ki an difikilte pou yo retounen sou pye yo epi ouvri pòt yo pou vizite yo ankò. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li paske li asire endistri enpòtan sa a gen resous li bezwen pou tounen yon motè pou kwasans ak kreyasyon djòb yon lòt fwa ankò nan Eta a, epi mwen bat bravo pou lidèchip li paske li asire ti biznis yo atravè tout sektè yo gen aksè al sibvansyon rekiperasyon pandan pandemi an ki nesèsè anpil. Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis pandan Pandemi Eta a ki koute 800 milyon dola a se deja yon kout men pou plizyè milye biznis atravè eta a, men jiska prezan, gen limit ki te anplas ki anpeche kèk ti biznis ki pi nouvo nan kominote nou an jwenn aksè ak èd yo bezwen ak merite. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Gouvènè Hochul pou asire mezi bon sans sa a pase nan Lejislati Eta a an ijans pou plis ti biznis nan eta nou an ka jwenn aksè ak pwogram sibvansyon enpòtan sa a."

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Yon endistri touris ki vibran esansyèl pou rekiperasyon anba pandemi New York la. Antanke Prezidan Komite Asanble sou Devlopman Touristik, Pak, Atistik ak Espòtif, mwen deja wè ki jan aktivite touris touche tout aspè nan ekonomi lokal la -- soti nan mize ak teyat yo rive nan otèl, restoran ak sistèm transpò yo. Pake rekiperasyon "Bring Back Tourism" lan se yon faktè ki chanje jwèt la. Li pral bay travayè yo ak biznis yo sipò finansye ki nesèsè pandan l ap ofri yon plan pou akselere yon retounen an sekirite pou tout endistri a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan rebati ak revitalize endistri touris nou an pou jou ak ane k ap vini yo."

Manm Asanble Charles D. Fall te deklare, "Pandan n ap kontinye rekipere anba pandemi sa a, nou bezwen asire nou ke nou pa kite okenn endistri dèyè. Mèsi Gouvènè Hochul paske ou sipòte Staten Island ak endistri touris nou an nan rekiperasyon pa yo lè ou itilize solisyon kreyatif ki gen bon sans."

Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare, "Opòtinite pou eksperimante atizay ak kilti klas mondyal se sa ki atire touris nan New York, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip, patenarya, ak investisman li nan youn nan sektè kle vil nou an. Investisman eta a pral ranfòse travay nan bay sibvansyon pou ti biznis ak òganizasyon san bi likratif yo ki anboche nouvo travayè, finance ankourajman pou sant kongrè ak konferans yo, epi lanse yon kanpay mondyal pou mete mak New York nan premye plan nan sa ki gen pou wè ak pi bon destinasyon pou vakans yo. Li vini nan yon moman enpòtan nan rekiperasyon ekonomik New York la pandan sezon vakans nou an kòmnanse."

Stuart Appelbaum, ki se Prezidan Retail, Wholesale and Department Store Union (RWDSU) lan, te deklare, "Twòp manm RWDSU te soufri akòz yon mank èdtan travay oswa yon mank travay konplè akòz pèt touris ki pèsistan nan eta a nan mitan pandemi COVID-19 la. Manm nou yo nan endistri ayeryèn lan frape di an patikilye. Sipòte travayè yo ki deja afekte pa bès aktivite touris la se yon eleman nesèsè pou re-ouvèti eta nou an."

Prezidan 32BJ SEIU an, Kyle Bragg, te deklare, "Touris se yon motè ekonomik enpòtan pou New York, epi li alimante pa travayè ki deja frape anpil pandan pandemi an. Nou kontan angajman Gouvènè a pran nan sektè enpòtan sa a ak nan yon rekiperasyon ki konsantre sou travayè yo ki se kolòn vètebral li. Anons jodi a make yon etap enpòtan nan retou ekonomik nou an epi li pral bay Nouyòkè k ap travay di yo yon soulajman enpòtan."

Rich Maroko, ki se Prezidan, NY Hotel Trades Council (Konsèy Metye Otelri NY) la, te deklare, "Lè NY te fèmen nan mwa mas 2020 akòz COVID, pèsonn pa te kapab imajine ke prèske dezan apre nou ta toujou gen plizyè milye travayè nan endistri touris la k ap ki an difikilte chomaj e kounye a ak pèt avantaj federal yo. Gras ak Gouvènè Hochul ak plizyè santèn milyon dola eta a pral bay pou re-anboche travayè yo ak re-ouvri endistri touris la, travayè sa yo finalman gen yon bagay yo gen espwa sou li pou sezon fèt sa a. Plan sa a pral soulaje soufrans finansye dè dizèn milye Nouyòkè ki p ap travay pandan y ap kreye yon chemen pou tounen nan travay ak nan kwasans aktif pou endistri touris la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Brooklyn Botanic Garden, Adrian Benepe, te deklare, "Enstitisyon kiltirèl vil Nouyòk yo fè pati gravite kreyatif ki atire touris ki soti toupatou nan mond lan, nasyon an ak rejyon nan vil Nouyòk. Vizitè sa yo an retou kreye dè santèn milye djòb ki byen peye--enkli nan menm enstitisyon yo--epi yo enpòtan anpil pou baz taks la. Menmsi nou te wè yon retou vizitè lokal yo ak manm yo ki trè solid depi re-ouvèti a ak atenyasyon gradyèl pandemi an, nou reyèlman manke gen vizitè ki andeyò vil Nouyòk nan ete ki sot pase a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou gwo plan, dinamik, ak sansib li pou ede endistri touris la relanse, epi pou fè vizitè yo tounen nan vil Nouyòk epi pou yo eksperimante kilti (ak bote òtikòl!) kèk kote tankou Brooklyn Botanic Garden--sa k p ede prezève ak elaji bon travay nan Brooklyn."

Linda Braun, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Chanm Komès la, te deklare, "Pandimi a te boulvèse ekonomi Vil Nouyòk la, an patikilye, sektè touris ak otelri nou yo. Chanm Komès Staten Island lan remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li nan nouvo finansman pou aktivite touris. Ogmantasyon depans touris yo ak travay sektè sa a kreye yo pral yon gwo pati nan rekiperasyon vil la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYC & Company an, Fred Dixon, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li konsantre li sou endistri touris ak evènman yo lè li bay nouvo resous ak sipò pou rekiperasyon akselere li. Pandan n ap travay pou mennen vizitè yo ak evènman yo tounen nan eta nou an ak nan vil nou an, travay, depans, koleksyon taks ak estimilan ekonomik pral swiv yo. Nan non kominote touris ak otelri Vil Nouyòk la, n ap tann pou nou kolabore plis toujou ak eta a pou asire retou konplè ekonomi vizitè yo nan avantaj tout Nouyòkè yo."

Mark Dorr, Prezidan New York State Hospitality & Tourism Association lan, te deklare, "Pandan endistri touris la ap re-akeyi vwayajè entènasyonal yo jodi a oswa premye fwa pandan 20 mwa ak plis, endistri a ap debòde pa anons Gouvènè Hochul la konsènan sipò finansye eta a nan twazyèm pi gwo endistri li a, ki se aktivite touris",

deklarasyon Prezidan New York State Hospitality & Tourism Association (Asosiyasyon Otelri ak Touristik Eta New York) lan, Mark Dorr. "Soti nan ankourajman finansman ki dedye anvè otèl k ap retounen travayè yo, rive nan sibvansyon ki pèmèt planifikatè reyinyon yo ofri rabè sou biznis kongrè yo, tout sa se sipò ki nesèsè anpil pou yon endistri ki te detwi pa pandemi an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou vizyon li pandan n ap kontinye rebati pi bon destinasyon touristik nan mond lan."

Tom J. Grech, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Chanm Komès Queens lan, te deklare, "Aprè devastasyon 20 dènye mwa yo, pwogram Gouvènè Hochul te anonse a se jis estimilan sa ke ti biznis nou yo bezwen. Nou bat bravo pou efò li pou fè sa."

Prezidan Times Square Alliance lan, Tom Harris, te deklare, "Jodi a nou kontan re-akeyi mond lan nan Times Square ak nan Vil New York pou yo ka rejwenn 1.6 milyon moun ki vizite Times Square chak semèn yo. Dapre done Visa nan ane 2019, vwayajè entènasyonal yo te depanse 631 milyon dola nan Times Square epi biznis nou yo ap tann retou sa a ak enpasyans, e pandan y ap tann lan nou kontan anpil pou nou aprann sipò sa a nan men Albany pou ede konble espas vid ki genyen pou biznis ki gen rapò ak aktivite touris ki tèlman dominan isit la nan Times Square ansanm ak ti endistri nou yo ki gen rapò ak vwayaj biznis yo ki te soufri anpil pandan ane edmi ki sot pase a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Chanm Komès Greater New York la, Mark Jaffe, te deklare, "Pakè touris ak rekiperasyon ekonomik Gouvènè a atenn sib la. Pou NY reprann konplètman anba pandemi Covid la; nou bezwen ede endistri yo ak ti biznis ki te oblije fèmen pou sante ak sekirite piblik nou an. Li fè sans pou bay ankourajman pou biznis ki baze sou touris yo (tankou restoran, otèl an detay, enstisyon amizman, enstitisyon kiltirèl ak sant kongrè yo) pou yo ka anboche nouvo anplwaye yo bezwen anpil yo. Nou ka sèlman ranfòse travay nan sektè touris la lè nou bay ankourajman salaryal pou moun ki vle retounen travay pandan n ap soti nan poz la. Pa gen dout, pake sa a pral ede nou rekipere. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Gouvènè Hochul pou ede komèsyalize NY globalman "tankou yon kote ki ouvè pou biznis ki gen lari ki pwòp ak sekirite". Pake yo anonse jodi a pral san dout ede retabli imaj mondyal nou an ak amelyore mwayen sibstans anpil nan lidè biznis ak sitwayen nou reprezante yo."

Prezidan Alliance for Downtown New York la, Jessica Lappin, te drklare, "Touris yo antre an mas nan New York pou mize nou yo, espektak Broadway yo, epi pou manje ak achte nan restoran ak boutik ki grandi lakay nou yo. Se poutèt sa envesti nan biznis ak jwayo kiltirèl inik sa yo, epi fè touris tounen, se yon bagay enpòtan pou rekiperasyon nou an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral New York State Tourism Industry Association lan, Robert Provost, te deklare, "Gouvènè Hochul ap adrese bezwen moman sa a yo pandan l ap ankouraje siksè alavni. Pake sa a pral ankouraje retou gwoup ak vwayaj entènasyonal pandan l ap sipòte egzistans ti biznis ak sila yo ki

toujou ap lite ak pèt travay. Li difisil pou imajine yon plan sipò ki pi konplè ak pi estratejik, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou prevwayans ak vizyon li."

Direktè Egzekitif Alyans Ospitalite NYC (NYC Hospitality Alliance) a, Andrew Rigie, te deklare, "Endistri restoran ak lavi lanwit New York sèvi kuizin ak sèn ki reprezante gou ak kilti lokal atravè mond lan. Malerezman, anpil nan ti biznis sa yo ki depann anpil sou touris yo ap souffri anpil pandan pandemi an, e se poutèt sa nou felisite Gouvènè Hochul pou investisman li, ak sipò pou rekipasyon ekonomik aktivite touris la. Se pral yon kout menm pou lye yo manje, bwè, danse, lye kiltirèl ak travay nou yo."

Prezidan Transport Workers Union Local 100, Tony Utano, te deklare, "Sa se yon bon nouvèl pou travayè yo. Kit se yon vwayaj nan tren oswa nan otobis pou rive nan teyat la, yon vizit a de etaj nan Times Square, oswa yon pwomnad sou charyo ke cheval ap mennen nan Central Park, nou pare yon lòt fwa ankò pou montre gwo vil nou an. Nou pa jis deplase New York, nou deplase mond lan nan sa ki gen pou wè ak New York."

Jessica Walker, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Chanm Komès Manhattan lan, te deklare, "Nouvo inisyativ sa yo vini nan yon moman enpòtan nan rekipasyon nou an. Nou dwe reprann pozisyon nou kòm premye destinasyon touris nan mond lan pou nou ka sipòte ti biznis yo ak kwasans travay pou tout Nouyòkè yo. Mèsi pou Gouvènè Hochul paske li te pwopoze yon plan reflechi pou fè egzateman sa."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Partnership for New York City a, te deklare, "Gouvènè Hochul ap priyorize plis investisman yon fason ki apwopriye nan enstitisyon kiltirèl yo ansanm ak sektè vant an detay, sèvis manje, akomodasyon ak amizman ki te souffri pi gwo pèt akoza sispansyon aktivite touris la pandan pandemi an. Endistri sa yo reprezante 9% nan ekonomi vil la, men 20% nan travay vil la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)